



Konsiy: 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.
2) Ou pa gen dwa pale nan sal la.

3) Fè yon bon egzamen.

M pral chache travay

Gaston leve bonè. Lèli fini ranje malèt li, abiye bwòdè, li souke tant Lwizina lan kabann.

- Mwen prale, tant Lwizina
- Ou prale kibò ?
- Pòtoprens.

Lwizina leve, li rale yon chèz, li chita, li rekanpe. Li pran dlo lave figi l pou wete rès dòmi nan je li.

- Gaston, kote w prale ?
- Pòtoprens
- Ti gason sa w pèdi lavil ?
- Mwen bouke manje mizè Bwanèf. Mwen pral chèche travay Pòtoprens. Lè sa bon m a tounen Isit

De ran dlo pran kouri nan je Lwizina li pale, li mache, li chita. Gaston derefize tandè rezon. Poutan, kè Li ap rache. Lè li santi kriye lan wout, li kouri bo tant ak fòs li pran malèt li tou Dousman ; li kannale lan granchemen. Kou li rive lan bò kay Fabi a , yon machinn okazyon Tonmblokoto parèt tou limen. Kè Gaston fè vap ! Anvan li monte, li vire gade.

Bayawonn raje, pye bannann, nas pwason, kay pay ak zwazo pran danse lan tèt. Gòj li vini sere. Kamyon an derape ak yon bri lanfè. Pousyè gaye. Gaston voye je li yon dènye fwa sou Bwanèf. Solèy te fek fini pouse kòn dèyè yon vye mòn deplimen

Jan Klod Matino, Koralen

Premye pati (30 pwen)

(5 pwen pou chak bon repons)

A) Konpreyansyon Tèks

1. Ki nouvèl Gaston te anonse tant Lwizina ?
2. Eske nouvèl sa a te fè tant Lwizina plezi ? Poukisa ou di sa ?
3. Poukisa Gaston vle pran dezizyon sa a?
4. Ki reyaksyon tant Lwizina te genyen? Eske reyasyon sa a fè Gaston chanje lide ?
5. Eske desizyon sa a te fè Gaston kontan ? Poukisa ou di sa ?
6. Nan ki kategori literè ou klase ekstrè sa a ? Poukisa ?

B) Gramè – Vokabilè – Tradiksyon (35 pwen)

(5 pwen pou chak bon repons)

- 1- Endike kategori gramatikal mo ki souliye nan fraz ki nan tablo pi ba a :

Fraz	Kategori gramatikal
a) Tant Lwizina gen dlo <u>nan</u> je li.	
b) Nèg <u>sila</u> a se zanmi mwen.	
ch) <u>Sila</u> a pi nèf pase pa ou yo.	
d) <u>Pa mwen an</u> pi bon pase pa li yo.	

- 2- Men yon fraz konpoze: “ Gaston leve, li abiye byen Bwòdè, li souke tant Lwizina nan kabann.”
 - Ekri chak pwopozisyon ki konpoze fraz la apa, epi endike nati pwopozisyon sa yo bò kote yo.
- 3- Jwenn de (2) chan leksikal nan tèks la (omwen kat mo pou chak) : yon chan leksikal « Lapwòpte » ak yon chan leksikal « Lamizè.»

- 4- Endike aspè vèb ki souliye nan fraz ki nan tablo a:

Fraz	Aspè pilye
a) Kè Gaston <u>ap rache</u> .	
b) Mwen <u>pral chèche</u> travay Pòtoprens.	
ch) Pitit la toujou <u>ap soufri</u> .	
d) Li <u>t ap ranje</u> malèt li talè a.	

5. Ki sans ekspresyon sa yo genyen nan tèks la :

- a) Kè li ap rache.
- b) Machinn tonmblokoto.
- ch) Parèt tou limen.
- d) Gòj li vin sere.

6. Mete premye dyalòg nan tèks la an diskou endirèk

7. Tradui an kreyòl :

Je suis à bout de force. Trop de misères à Bois-Neuf !
Je dois aller à Port-au-Prince à la recherche d’un emploi et d’une vie meilleure.

CH.Dezyèm pati

Pwodiksyon ekri (35 pwen)

Chwazi youn nan de (2) sijè sa yo.

1. Anpil Jenn gason ak jenn fi kite pwovens yo pou yo vin chèche lavi miyò Pòtoprens. Sa lakoz gwo pwoblèm. ekri yon tèks agimantatif pou montre : kisa ki pouse jèn sa yo kite lakay yo pou yo ale viv lòt kote ; ki pwoblèm, ki enpak negatif yon desizyon konsa genyen, kisa ki dwe fèt pou tout moun santi yo alèz, jwenn tout sa ki nesèsè nan zòn y ap viv la.
- 2.Ekri yon tèks naratif ki gen omwen de (2) sekans deskriptif ladan li pou rakonte fason lavi a vin ye pou

Gaston lè li rive Pòtoprens, kisa ki pase dèyè li, kijan
tant Lwizina vin ye...